




Horizon Elementary School

Important Title I Parent Information

1. **Plan Amelyorasyon Lekòl/Plan konpreyansif pou lekòl – *School Improvement Plan/Schoolwide Plan* (Lekòl Charter Sèlman):** An kolaborasyon ak paran/gadyen, estaf lekòl-la devlope yon plan. Plan an pwopoze objektif ak aktivite ki dwe enplimante chak ane nan lekòl-la. Plan an disponib sou sitweb lekòl-la <https://www.browardschools.com/horizon>. Si ou ta renmen jwenn yon kopi enprime plan an pou egzamine li oswa ou bezwen tradiksyon, tanpri kontakte Shelly Rahim, SAC Chairperson nan nimewo telefòn 754-322-6450.
2. **Plan Patisipasyon Paran ak Fanmi nan lekòl (*School Parent and Family Engagement Plan*):** Nan kad Plan Amelyorasyon Lekòl, estaf lekòl la ak paran/gadyen devlope ansanm yon plan. Plan an pwopoze pou tout fanmi aktivite patisipasyon ki va enplimante diran tout ane a epitou evalyasyon pwogram patisipasyon paran ak fanmi, lane pase. Plan sa disponib sou sitweb lekòl la <https://www.browardschools.com/horizon>. Si ou ta renmen jwenn yon kopi enprime plan an pou egzamine li oswa ou bezwen tradiksyon, tanpri kontakte Kimberly Tucker, Title I Liaison nan nimewo telefòn 754-322-6450.
3. **Plan Patisipasyon Paran ak Fanmi nan Distri a (LEA - *District Parent and Family Engagement Plan*):** Estaf Distri a ak paran/gadyen devlope plan an. Plan an pwopoze aktivite patisipasyon paran ak fanmi ki dwe enplimante diran ane eskolè a epi evalyasyon pwogram patisipasyon paran ak fanmi lane pase. Plan sa disponib sou <https://www.browardschools.com/Page/78013>
Si ou ta renmen jwenn yon kopi enprime plan an pou egzamine li oswa ou bezwen tradiksyon, kontakte, Linda Howard, Esesyalis Pwogram Title I nan nimewo telefòn 754-321-1410.
4. **Tès evalyasyon selon nòm Florid (FSA)/Done evalyasyon onivo Leta ak LEA/Kanè eskolè, nòt lekòl, rapò evalyasyon onivo leta:** Rapò Responsablite Lekòl Piblik gen plizyè kalite done (endikatè) ki prepare pou enfòmè paran/gadyen ak piblik la sou pwogrè lekòl piblik Florid. Rapò sa satisfè tout kondisyon lwa federal Chak Elèv Reyisi (ESSA) ekzije pou pwodi rapò sa-yo epitou bay sèten enfòmasyon ki ka enterese piblik la sou akonplisman lekòl Florid. Diplis Depatman Edikasyon Florid pibliye nòt lekòl ak rezilta tès evalyasyon lekòl Florid. Rapò sa-yo disponib sou sit <https://www.fldoe.org/accountability/accountability-reporting/school-grades/>. Si ou ta renmen jwenn kopi enprime rapò yo oswa ou bezwen tradiksyon, tanpri kontakte Shelly Rahim, SAC Chairperson nan nimewo telefòn 754-322-6450.